

Lwa NYC sou Avantaj Sèvis Transpò pou Travay

Enfòmasyon pou Patwon yo ak Anplwaye yo

Lwa NYC sou Avantaj Sèvis Transpò pou Travay ap anvigè apati 1ye janvyè 2016. Dapre lwa a, patwon ki gen pwoteksyon an dwe bay avantaj sèvis transpò pou travay pou anplwaye kalifye ki travay atanplen apati 1ye janvyè 2016.

KI AVANTAJ KI GENYEN NAN YON PWOGRAM AVANTAJ SÈVIS TRANSPÒ POU TRAVAY?

Avantaj pou Patwon yo

- Patwon yo ap ekonomize lajan lè yo redui nan taks pewòl yo. Tank gen plis anplwaye ki enskri pou avantaj sèvis transpò a, tank patwon an ap ekonomize plis lajan.
- Patwon yo kapab atire epi kenbe anplwaye yo lè yo ofri avantaj sèvis transpò a.

Avantaj pou Anplwaye yo

- Anplwaye yo kapab bese depans yo pa mwa lè yo itilize revni anvan taks yo pou yo peye pou sèvis transpò yo.

KIMOUN KI PWOTEJE ANBA LWA A?

Patwon yo

Moun ki Pwoteje Anba Lwa a

- Patwon ki la pou fè pwofi ak patwon ki pa la pou fè pwofi epi ki gen 20 oswa plis anplwaye ki travay atanplen* men ki pa nan sendika nan Vil New York, ansanm ak ajans ki bay èd pou yon ti tan.

*Anba Lwa sou Avantaj Sèvis Transpò pou Travay (Commuter Benefits Law) yon anplwaye ki travay atanplen se yon anplwaye ki travay pou yon mwayèn 30 èdtan oswa plis pa semèn nan dènye kat (4) semèn yo, nenpòt pòsyon nan kantite èdtan sa yo te nan Vil New York.

Moun ki Pa Pwoteje Anba Lwa a

- Gouvènman Etazini, gouvènman Eta New York, ak gouvènman Vil New York, tankou nenpòt biwo, depatman, ajans endepandan, administrasyon, enstitisyon, asosyasyon, sosyete, oswa lòt enstitisyon eta a, tankou lejislati a ak branch jidisyè a.
- Patwon yo pa gen obligasyon pou peye taks federal, taks leta, ak taks Vil la sou pewòl yo.

Anplwaye yo

Moun ki Pwoteje Anba Lwa a

- Anplwaye atanplen* ki travay pou patwon ki pwoteje anba lwa a.

Moun ki Pa Pwoteje Anba Lwa a

- Anplwaye ki travay pou mwens pase yon mwayèn 30 èdtan pa semèn nan yon peryòd kat (4) semèn.
- Anplwaye atanplen k ap viv nan Vil New York men ki travay deyò Vil New York.
- Anplwaye atanplen ki pwoteje anba yon akò yo te jwenn nan negosyasyon ant patwon ak travayè.
- Antreprenè endepandan yo.
- Ansyen anplwaye yo.

KIMOUN SÈVIS TRANSPÒ KOMEN KI PWOTEJE ANBA LWA A?

Moun ki Pwoteje Anba Lwa a

- Sèvis transpò komen rejyonal Vil New York, ansanm ak Administrasyon Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) tren ak otobis; Long Island Rail Road; Amtrak; New Jersey Transit; ak Metro-North.
- Sèvis feri ak bato-taksi.
- Sèvis ko-vvatiraj ki kalifye.
- Sèvis otobis transpò ki kalifye.
- Access-A-Ride ak lòt founisè para-tranzit zòn nan.

Moun ki Pa Pwoteje Anba Lwa a

- Depans pou estasyon machin.
 - Depans pou deplasman sou bisiklèt, tankou CitiBikes.**
- **Anba lwa sou taks federal, anplwaye yo pa kapab itilize revni anvan taks yo pou yo avantaj ranbousman pou deplasman admisib yo sou bisiklèt, epi frè pou lwe bisiklèt pa avantaj anplis sou sèvis transpò kalifye.

KI ENFÒMASYON AK RESOUS KI DISPONIB?

Pou Patwon yo

Rele **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov/commuterbenefits pou jwenn enfòmasyon sou:

- Lwa NYC sou Avantaj Sèvis Transpò pou Travay
- Fason pou mete anplas yon pwogram avantaj sèvis transpò pou travay

Pou Anplwaye yo

Rele **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov/commuterbenefits pou jwenn enfòmasyon sou Lwa NYC sou Avantaj Sèvis Transpò pou Travay.

Pou anplwaye ki kalifye pou kredi nan taks ranbousab tankou Kredi nan Taks sou Revni yo Touche nan Travay (Earned Income Tax Credit, EITC), avantaj sèvis transpò anvan taks la kapab redui kantite lajan yon kredi nan taks. Anplwaye yo ta dwe konsilte yon pwofesyonèl taks.

Rele **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov/dcwp pou jwenn enfòmasyon sou:

- Sant NYC pou Dwa Finansye (Financial Empowerment Centers), kote Moun New York yo kapab jwenn konsèy finansye pwofesyonèl gratis
- Èd preparasyon taks gratis pou moun New York ki kalifye yo (pandan sezon taks la)

**GEN YON PI BON
FASON POU TRAVAY.**

**Lwa NYC sou Avantaj
Sèvis Transpò pou Travay**